

Atachman 1

Fòmilè Konsantman Lokatè pou Mande Èd ann Ijans pou Lojman Pwopriyete Kay la Prezante

Chè Lokatè,

Mèt kay ou a te kòmanse yon demand èd an ijans pou peye kay pou ou. Pwogram èd an ijans pou lwe kay (ERAP), Èd pou fanmi ki gen kay men ki separe oswa divòse (RAFT) avèk lwe kay an ijans e èd pou peye kay prive (ERMA) (Ansanm, “ èd an ijans pou peye kay”) pwogram vil Massachusetts ki bay èd lajan pou moun (ki abite ansanm) ki kalifye k ap fè fas pwoblèm kote pou yo rete, epi li ka sèvi pou bagay tankou peye lwaye alavni, peye lwaye ou dwe deja (lwaye ki depase lè depi w te dwe peye l oubyen “aryere”), oubyen pou kèk lòt depans ki gen rapò ak kay. Si w ta renmen gen plis enfòmasyon sou pwogram sayo, ak lòt pwogram ankò pou ede w rete andan kay w, ale sou www.mass.gov/COVIDHousingHelp oswa rele nan nimewo 211.

Ou pa oblije fè yon demand oubyen aksepte èd an ijans pou peye kay; men si ou pa peye lwaye oubyen enterè sou kay ki depase dat , sa ka fè yo mete ou deyò oubyen sezi kay ou. Anplis de sa, lè ou pa peye lwaye ke ou te dwe deja (“aryere”) sa ka anpeche jwenn kredi ak jwenn kote pou ou rete alavni. Ou kapab fè demand èd an ijans pou peye kay la pou kont ou. Si ou enterese pou ou konnen plis sou pwogram sa yo, rele nan nimewo 211.

Ou pa oblije fè demann ni aksepte asistans nan men RAFT ni ERMA; sepandan, si w pa peye lwaye ki depase lè depi w dwe li, ou ka sibi degèpisman. An plis de sa, pa peye lwaye ki depase lè depi w dwe li (“aryere”) ka domaje kredi w ak kapasite w pou w jwenn lojman nan fiti a. Ou ka fè demann pou RAFT/ERMA pou tèt pa w tou. Si w enterese konnen plis bagay sou pwogram sa yo, rele 211.

Si w vle pèmèt ke se mèt kay w a ki ranpli yon fòmilè pou ou, tanpri reponn kesyon ki vini an apre yo epi siyen fòmilè sa a.

1. KOWONA VIRIS

Pandemi KOWONA VIRIS la lakoz anpil moun nan Massachusetts souffri pou sa ki gen rapò ak lajan. Tanpri di nou ak ki pwoblèm konsa ou jwenn depi pandemi an te kòmanse nan mwa mas 2020. koche kare anba a si sityasyon pa w, lokatè a, te akòz oswa agrave pa COVID-19. Ou kapab tcheke plis pase yon kare.

mwen menm, oubyen yon moun lakay mwen.

- Te pèdi yon travay
- Te resevwa èd pou moun ki pap travay
- Te genyen mwens ke kantite kòb nou abitye genyen (nou touche mwens, pi piti lè, pi piti kliyan si ou ap travay ak tèt ou)
- Te oblije rate travay, oubyen kanpe travay, oubyen travay mwens tan akòz yon pwoblèm sante oubyen medikal
- Te oblije rate travay, oubyen kanpe travay, oubyen travay mwens tan paske lekòl timoun mwen oubyen lekòl la te fèmen, oubyen paske timoun mwen t ap suiv kou sou entènèt
- Te gen kamarad chanm oubyen yon moun ki t ap viv avèk mwen ki te soti, ki te kanpe peye lwaye, oubyen mounri, ki kite m avèk pi depans pou kay

- Te gen pi gwo bil ke sa ki konn genyen yo (pa egzanp, lajan medikaman, lajan transpò, lajan pou pran swen timoun, lajan antèman, lwaye, bagay tankou: kouran, dlo, entènèt, ak lòt.)
- Te antre yon kantite kòb ki te twò piti pou peye pou ti depans piti nan yon kay (pa egzanp, manje, rad, lwaye, bagay tankou: kouran, dlo, entènèt, bagay fè pwòpte, ak lòt)
- Ou te gen lòt pwoblèm lajan (tanpri esplike)

2. Peman RAFT/ERAP/ERMA Ou Te Resevwa Avan

Tanpri chwazi youn:

- Mwen te fè demann pou RAFT, ERAP oswa ERMA epi m ap tann yo trete demann mwen an, men mwen bay konsantman pou mèt kay ranpli yon demann a jou sou kont pa mwen. (Remake: ou kapab refize siyen fòmilè konsantman sa a epi pito tann pou yo revize demann RAFT/ERMA ou ki deja egziste a).
- Mwen pa te fè deman pou RAFT ni ERMA, oswa mwen te resevwa RAFT/ERMA/ERAP deja men mwen bezwen li ankò.

3. Lokasyon, Lwaye, aryere, ak Benefis

Mèt kay ou an te di ou abite nan _____[Adrès], epi lwaye w pou chak mwa se \$_____, ou dwe \$____ total nan lwaye (aryere), epi w ta renmen kontinye ap viv nan kay/apatman sa a.

- Sa a se kòrèk
- Sa a se pa kòrèk. Tanpri eksplike:

Lè w siyen dokiman sa a, ou bay pèmasyon w pou pèmèt mèt kay w depoze yon demann RAFT/ERMA sou kont pa w. Li pral mete enfòmasyon sa yo nan demann nan epi depoze li nan Ajans Administrasyon Rejyonal (RAA) ki pi pre nou:

- Non manm kò kay la, ak adrès ou
- Revni kò kay la ak dedikasyon ou elijib pou yo
- **Nimewo sekirite sosyal** chak manm kò kay w ki gen plis laj pase 18 an, si yo genyen. Nou pral sèvi ak nimewo sa yo pou verifye revni.
- Konbyen **ou dwe nan lwaye** ak konbyen lwaye a ye chak mwa
- Enfòmasyon sou moun nan kay w, tankou dat nesans ak demografik, ak tout **defi** yo ka genyen nan peye lwaye
- Fotokopi pyès idantifikasyon w, kontra a, verifikasyon ijans lojman, ak lòt dokiman tankou prèv de revni, selon demann

Pou resevwa RAFT/ERMA, fòk ou satisfè sèten egzijans sou revni, epi fòk nou verifye revni w. Ajans RAFT/ERMA a kapab rele MassHealth oswa DTA pou yo verifye revni w avèk pèmasyon pa w (yo p ap mande pou sante w ni benefis ou yo). Tanpri koche kare a oswa kare yo ki aplikab pou sityasyon w.

- Mwen gen asirans nan men MassHealth.
- Mwen resevwa benefis DTA (sètadi, SNAP, TAFDC, EAEDC).

Mwen pa sou ni benefis MassHealth ni benefis DTA, oswa mwen pa vle nou sèvi ak sous sa yo pou verifye revni mwen.

4. Sant Karyè MassHire ka ede w jwenn nouvo travay oswa vanse karyè w

Sant Karyè MassHire lokal ou ka ede w chache travay epi konekte w ak lòt sèvis pou amelyore konpetans, jwenn travay oswa devlope yon chimen karyè long-tèm. Sant MassHire yo ouvri pou sèvis vityèl, donk tanpri rele sa ki pi pre w la pou anwole nan yon *Seminè Sant Karyè*. Ou ka aksede Lis Sant MassHire yo nan tout eta a sou <https://www.mass.gov/how-to/find-a-masshire-career-center>.

Epi tou ou ka chache ak matche plis pase 150,000 djòb ki disponib an lit, itilize zouti an liy pou evalye konpetans ou yo, eksplòre karyè, enskri pou evènman vityèl ki pwograme, ak jere rechèch travay w nan JobQuest. Ou pa oblije rele yon Sant Karyè MassHire pou enskri nan sistèm nan. Ale sou www.mass.gov/jobquest pou kòmanse.

5. Otorizasyon ak Distribisyon pou Lokatè

Genyen sèten enfòmasyon pèsònèl (non w, adrès ou, revni w, laj ou, elatriye) sou ou menm ak moun lakay w sou yon fòmilè èd an ijans pou peye kay (ERMA). Nou pral sèvi avèk li pou detèmine elijibilite w ak nesite pou asistans finansye pou pwogram sa yo, ak pwogram èd an ijans pou lwe kay (ERAP) yo ak pou konfòme ak egzijans nan nivo federal la ak eta a sou rapòtaj ak kenbe dosye. Enfòmasyon an sèvi tou pou jere pwogram lojman an, pou pwoteje enterè finansye piblik la ak verifye presizyon enfòmasyon ki te depoze. Kote lalwa pèmèt sa, nou ka distribye li bay ajans gouvènmantral, otorite lokal sou lojman piblik, ajans lojman rejyonal benevolan, founisè sèvis ak investigatè ak pwokirè sivil ak kriminèl. Li ka sèvi tou pou rechèch ak objektif evalyasyon pwogram. Otreman, nou pral kenbe enfòmasyon an konfidansyèl epi se sèl pèsònèl Ajans Rejyonal la ki pral sèvi avèk li nan kou devwa yo.

Pou verifye elijibilite pou pwogram nan, verifye elijibilite pou pwogram nan, Ajans Rejyonal la pral bay lòt moun (ajans, tankou Executive Office of Labor and Workforce Development, Department of Unemployment Assistance [pou asirans chomaj ak lòt enfòmasyon revni], Department of Revenue, Department of Transitional Assistance, MassHealth, ak lòt ajans eta, òganizasyon, anplwayè, mèt kay w an, bank ki kenbe ipotèk ou oswa endividi) sou w epi resevwa enfòmasyon sou w nan men antite sa yo. An plis, li ka nesèsè pou nou diskite oswa fè korespondans ak lòt moun konsènan enfòmasyon sa a. Lè w siyen anba a, w ap bay Department of Housing and Community Development (DHCD), Ajans Rejyonal la, ak lòt antite jan yo dekri isi yo pèmasyon pou yo chanje enfòmasyon sou w.

Ou menm oswa reprezantan otorize w gen dwa enspektè ak kopye tout enfòmasyon yo sanble sou w. Ou gen dwa pwoteste koleksyon, konsèvasyon, divilgasyon, itilizasyon, presizyon, plenitud oswa kalite enfòmasyon Ajans Rejyonal la kenbe sou w. Si w pwoteste, nou pral envestige objeksyon w epi nou pral swa korije pwoblèm nan oswa fè objeksyon w yon pati nan dosye w.

Selon lwa eta sou vi prive¹, demandè ak patisipan nan pwogram nan gen dwa bay oswa kenbe pèmasyon yo pou nou pataje Enfòmasyon Pèsònèl sa a. Sepandan, neglije pèmèt Ajans Rejyonal la pou yo pataje enfòmasyon obligatwa yo kapab lakòz reta, inelijibilite pou pwogram, oswa tèminasyon.

¹ Lwa Massachusetts sou Pratik Enfòmasyon Jis (FIPA), M.G.L. c. 66A; ak Lwa Massachusetts sou Vi Prive nan Done (DPA), M.G.L. c. 93H.

Obligasyon Patisipan an

Si nou twouve Patisipan an elijib epi li resevwa asistans, Patisipan an dakò pou li:

- Founi Ajans Rejyonal la tout enfòmasyon yo mande nan tout sous pou tout moun nan kay la, jan yo mande a.
- Rete an kontak avèk Ajans Rejyonal la, selon bezwen Ajans Rejyonal la, pou ede Ajans Rejyonal la kontwole ak rapòte sou pèfòmans pwogram.
- Pa fè anyen pa espere ki ta mete estati lojman oswa travay Patisipan aktyèl la an danje.
- Pa fè fwòd ni fè okenn fo deklarasyon pou sa ki gen a wè avèk pwogram ed an ijans pou peye kay.

Lòt obligasyon Patisipan an:

- Patisipan an dakò li pa gen okèn enterè finansye nan kay afème y ap itilize fon pwogram nan pou li a.
- Patisipan an dakò si yon lòt finansye oswa sou apwouve li pou menm finansman an, li pral notifiye Ajans Rejyonal la touswit epi itilize pi bon efò li pou asire li remèt Ajans Rejyonal la oswa lòt finansye a fon yo.
- Patisipan an dakò ke tout kondisyon ak pwovizyon nan kontra sa a aplike pou tout moun lakay Patisipan an.
- Patisipan an dakò kontinye fè peman kay ki pa kouvri pa asistans RAFT ak/oswa ERMA. Neglije konfòme avèk obligasyon peman lwaye, ipotèk, sèvis piblik, oswa lòt peman yo san yon bon kòz ki jistifye kapab fè Patisipan an diskalifye pou nenpòt lòt asistans finansye RAFT ak/oswa ERMA an plis de sa a.

Lè w siyen anba a, ou rekonèt ou konprann ke yon demann pou pwogram RAFT/ERMA pa yon angajman pou asistans finansye, men si nou detèmine ou elijib, asistans finansye ane pwogram RAFT ak ERMA yo pa ka depase \$10,000 pandan yon peryòd 12-mwa, kèlkeswa kantite fwa demandè a aplike oswa yo detèmine li elijib.

Lè w siyen anba a, ou sètifye, dapre tout konesans ou, ou pa te ni resevwa ni apwouve pou fon nan men okèn lòt sous pou peye menm depans ou te mande nan demann RAFT/ERMA/ERAP nan.

Otorizasyon sa a valab pandan yon peryòd 10 lane depi dat li te siyen.

Siyati Lokatè a: _____ Dat: _____

Kisa ki pral rive apre sa a? Ajans Rejyonal la pral travay ansanm avèk ou ak mèt kay ou a pou konnen ki kantite lajan w ka jwenn. Ou ka atann tande yo apre plizyè semèn.